# Къинхетаме а, Къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!

## Сола́тул авва́бу́н – Деле боьрзучеран ламаз[1]

1. *Авва́бу́н ламазан хьукм.*
2. *Авва́бу́н ламазан дозалла.*
3. *Авва́бу́н ламазан хан.*
4. *Авва́бу́н ламазан ракаIаташ.*
5. *Авва́бу́н ламазан куц.*

*1 - Авва́бу́н ламазан хьукм.*

Авва́бу́н ламаз хьадисашкахь ши маьIна долуш деана ду.

- Цхьа маьIна: иза Духьа́ ламаз ду аьлла деана ду. Духьа ламаз малх гоьмукъан йохалле хьалабаьлхьана дуьйна, делкъа хан кхаччалц ю. «Сахьихь Муслим» тIехь а, «Сунан Адда́римий» тIехь а даьхкина хьадисаш, Авва́бу́н ламаз Духьа́ ламаз ду аьлла.
- ШолгIа маьIна: иза маьркIижна а, пхьуьйра а ламаз юкъахь деш долун ламаз ду аьлла ду. Тирмизийс дийцинчу хьадисехь а, Ибн Абу́ Шайбас дийцинчу хьадисашкахь а, иштта кхечара дийцинчу хьадисашкахь а деана ду, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – маьркIижна а, пхьуьйрана а юкъахь деш долун суннат ламаз Авва́бу́н ламаз ду аьлла хилар. Имам Ма́вардийс – Дала къинхетам бойла цунах – аьлла: «Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – деш хилла и ламаз, цунах «Авва́бу́н ламаз» а олуш хилла цо».

ШафиIий мазхIаберчу жайнашкахь «Авва́бу́н ламаз» аьлла дуьйцуш дерг маьркIижна а, пхьуьйрана а юкъахь деш долун ламаз ду. Хьанафий а, Хьанбалий мазхIабан Iелам-наха яздинчу жайнашкахь оцу цIарца хьехош дерг Духьа́ ламаз ду.

Имам Ширбу́нийс – Дала къинхетам бойла цунах – аьлла «МугIнил Мухьта́ж» жайни тIехь: «Оцу шина хьадисах хаало вайна, «Авва́бу́н ламаз» аьлла йолу цIе Духьа ламазах а, маьркIижна а, пхьуьйрана юкъахь дечу ламазах а йоккхуш хилар».

Имам Шавка́нийс – Дала къинхетам бойла цунах – аьлла «Найлул АвтIо́р» тIехь: «МаьркIижна а, пхьуьйрана а юкъахь деш долун ламазах Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – «Авва́бу́н ламаз» аьлла хиларца деана ду. И хьадис «Сахьихь» жайни тIехь деанчу вукха хьадисана доьхьал догIуш дац – Духьа́ ламаз а «Авва́бу́н ламаз» ду аьлла деана долчу. ХIунда аьлча цу шинне хенахь динчун ламаз «Авва́бу́н ламаз – Деле тоба дарца боьрзуш болчеран ламаз» хуьлу».

Тахана вайна юкъахь «Авва́бу́н ламаз» аьлча доьвзаш дерг суьйранна деш долун ламаз ду. Амма Iуьйранна деш долун ламаз «Авва́бу́н ламаз» цIарца доьвзаш дац, «Духьа́ ламаз»

---

[1] ХIокху ламазах дерг лохучу хенахь ас пайда ийцира хIокху жайнех: «НихIа́йатуттадру́б фу́ назми гIо́йатиттакъру́б» цIе йолчу фикъхI жайни маьIна деш яздинчу Шейх Мухьаммад Хьасан жайнах а; «МугIнил Мухьта́ж»; «ИIа́натуттIо́либу́н»; «НихIа́йатуззайн»; «Мусаннаф Ибн Абу́ ШайбахI»; «Сунанул БайхIакъий Алкубро́»; «Найлул автIо́р».

цIарца доьвзаш ду. Цундела, Iелам-наха иштта аларца вайна хаьа, и ший а ламаз суннат хилар, цаьршин шен-шен хан а хилар.

### *2 - Авва́би́н ламазан дозалла.*

Тирмизийс дийцинчу хьадисехь деана ду, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – цу ламазах лаьцна элира аьлла: «МаьркIижна а, пхьуьйрана а юкъахь ялх ракаIат динчунна язбийр бу щийтта шарахь Iибадат динчунна болу мел».

Кхин а цуьнан дозалла вайна доьвза, Имам Ма́вардийс – Дала къинхетам бойла цунах – ма-аллара, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – иза деш хилла хиларца а, цо цуьнан: «Деле боьрзучеран ламаз ду иза» - олу цIе йоккхуш хилла хиларца а.

### *3 - Авва́би́н ламазан хан.*

Цуьнан хан маьркIижа ламазан суннат динчул тIаьхьа дуьйна, пхьуьйра ламаз хан кхаччалц ю.

### *4 - Авва́би́н ламазан ракаIаташ.*

Цуьнан уггар кIеззиг ракаIаташ шиъ ду. Юкъара ракаIаташ ялх ду. Уггар дукха ракаIаташ ткъа ду. Лакхахь дийцинчу хьадисехь деанарг ялх бен ца хилар, кхин дан ца деза бохург дац, хIунда аьлча хьадисан некъаш масийтта долун дела.

### *5 - Авва́би́н ламазан куц.*

Авва́би́н ламаз кхин долу ламазаш санна ду, хIора шина ракаIатехь салам а луш деш ду иза.

Ниййат дечу хенахь, «Авва́би́н ламаз дан ниййат до ас» аьлла дан деза.

Ламаз дина ваьллачул тIаьхьа хIара доIа дийр ду:

«Алло́хIумма саддидни́ бил и́ма́ни, вахьфазхIу Iалаййа фи́ хьайа́ти́, ва Iинда вафа́ти́, ва баIда мама́ти́».[1]

«Алло́хIумма инни́ аставдиIука и́ма́ни́, фи́ хьайа́ти́, ва Iинда мама́ти́, ва баIда мама́ти́, фахьфазхIу Iалаййа, иннака Iала́ кулли шайъин къоди́р».[2] хIара кхозза дийр ду.

---

[1] «Йа АллахI! Ийманаца нисве Ахь со; соьца ларде Ахь иза сан дахарехь а, со лечу хенахь а, со веллачул тIаьхьа а».

[2] «Йа АллахI! Ас Хьан кера ло сайн Ийман, сайн дахарехь а, со лечу хенахь а, со веллачул тIаьхьа а. Ткъа Ахь соьца лардехьа иза, Хьо баккъалла а массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш верг ву-кх».

Шейх Мухьаммад Хьасан ХьабаннакахI Ал-Майда́нийс – Дала къинхетам бойла цунах – аьлла:

«Суннат ламазех ду Авва́бу́н-ламаз – тоба деш, Деле реза хиларе боьрзучеран ламаз. ГIопул хиларан ламаз а олу цунах, цу ламаз хенахь дукхах болу нах юург яарца а, мерг маларца а, шайн дегIан марзонашца а Дела дагаварх гIопул хуьлу дела, къаьсттина мархин баттахь. Цу ламазах гIопул хилла ца Iаш, шайн маьркIижа ламазах а гIопул хуьле, иза а тIаьхьатотту дуккха а наха, дегIан марзонаш бахьана долуш.

Авва́бу́н-ламазан хан маьркIижа ламаз динчул тIаьхьа пхьуьйра хан кхаччалц ю.

Цуьнан уггар кIеззиг ракаIаташ шиъ ду, юкъара ракаIаташ ялх ду, уггар дукха ракаIаташ ткъа ракаIат ду.

И ламаз дита ца дуьтуш даим дар – хIокху дуьненах стаг къаьстачу хенахь, цуьнан къастар хаза а, Дела реза волуш а хиларан бахьанех ду. Йа АллахI! Тавфикъ ло ахь тхуна цу тIехь, и дан аьтту а хилийта Ахь тхан даим».[1]

[1] «НихIа́йатуттадру́б фу́ назми гIо́йатиттакъру́б» цIе йолчу фикъхI жайни маьIна деш яздинчу жайни тIехь ду Шейх Мухьаммада цу ламазах лаьцна аьлларг.